

# OFFICE OF THE NEW YORK STATE COMPTROLLER

Thomas P. DiNapoli, State Comptroller

Kenneth B. Bleiwas, Deputy Comptroller



## Resansman 2020: Patisipasyon pa ou enpòtan

Chak 10 zan, peyi Etazini Konstitisyon egzije pou gouvènman an fè yon kontaj kantite moun nan popilasyon an, yon bagay yo rele resansman. Yo fè resansman chak dis lane depi 1790.

Resansman 2020 an pral eseye konte tout moun k ap viv nan peyi Etazini kèlkeswa laj, ras, etnisite, sitwayènte ak estati legal. Sa enpòtan paske gouvènman an itilize done resansman an pou:

- Detèmine kantite plas yo pral bay chak eta nan Chanm Reprezantan peyi Etazini yo, epi retrase distri federal, eta ak lejislatif lokal yo jan sa nesesè;
- Afekte plis pase \$1.5 bilyon nan finansman federal chak ane pou eta ak lokalite pou sèvis ak enfrastrikti tankou lekòl yo, swen sante, wout, fòmasyon pou travay, ak plis ankò;
- Fè rechèch ki ede evalye bezwen kominote a ak delivre bon jan sèvis, tankou nan preparasyon ak repons nan ka ijans, sibvansyon ak prè.

### Poukisa ou ta dwe Patisipe?

Kominote yo ki pa konte avèk presizyon pa ka resewva sèvis yo bezwen. New York se youn nan eta yo ki gen plis chans pou gen anpil moun yo pa konte.

Mal konte ka afekte kèk moun plis pase lòt moun. Biwo Resansman an dekouvari kominote ki difisil pou konte ka gen ladan yo moun ki pa blan, imigran, moun k ap viv nan povrete oswa nan lojman ki pa tradisyonèl, ak kay ki gen jèn timoun oswa konpetans limite nan lang angle. Selon Sant CUNY pou Rechèch nan Vil, nan tout Eta New York, plis pase 36 poustan nan popilasyon an ap viv nan zòn difisil pou konte yo. Zòn sa yo gen pouvantaj repons ki ba epi yo bezwen plis asistans pou ede anpeche sous yo.

Eta New York gen lentansyon investi \$70 milyon nan efò sansibilizasyon pou asire yo konte chak Nouyòkè. Piske anpil zòn difisil pou konte yo

lokalize nan Vil New York, Vil la pral investi \$40 milyon pou rive sou yo.

Efò Eta ak Vil la ap fè yo gen ladan patenarya ak òganizasyon ki baze nan kominote lokal yo pou ankouraje patisipasyon. Pi fò patnè yo se [Catholic Charities of New York](#), [Chinese-American Planning Council](#), [Hispanic Federation](#), [Jewish Community Relations Council of New York](#), [National Association for the Advancement of Colored People](#), [New York Immigration Coalition](#) ak [Rural and Migrant Ministry](#).

### Enfomasyon ou yo ap pwoteje

Daprè lalwa, repons ou yo rete konfidansyèl epi yo itilize sèlman pou rezon statistik. **Biwo resansman an entèdi pou pataje nenpòt enfòmasyon ki idantifye ou ak nenpòt ki moun, tankou lapolis, pwopriyetè kay, ak ajans gouvènman yo tankou Internal Revenue Service oswa Homeland Security (oswa nenpòt nan eleman li yo, tankou Immigration and Customs Enforcement).**

### Kòman ou ka patisipe

Nan mwa mas 2020, pifò kay yo ap resewva yon lèt avèk sa pou yo fè pou reyalize resansman an sou entènèt, nan telefòn oswa pa lapòs (se pa tout kay yo pral resewva yon kesyonè sou papye). w ap jwenn kesyonè papye yo nan lang angle ak Panyòl. Ou ka reponn sou entènèt oswa pa telefòn nan 12 lang ki pa angle, ak gid asistans yo disponib nan 60 lang. Achtè resansman an pral vizite kay ki pa reponn premye lèt la.

Patisipe epi gaye pawòl la. Di zanmi ou yo, fanmi ou ak vwazen yo ki jan li enpòtan epi fasil pou yo patisipe. Ou pa pral jwenn yon lòt chans pou yo konte ou pandan dis lane.

Pou plis enfòmasyon, ale sou [www.2020census.gov](http://www.2020census.gov), rele 800-923-8282, oswa swiv @uscensusbureau.

Se Biwo Kontwolè Adjwen Eta a pou Vil New York ki prepare I

Office of the New York State Comptroller  
110 State Street, Albany, NY 12236  
(518) 474-4015    [www.osc.state.ny.us](http://www.osc.state.ny.us)



Like us on Facebook at  
[facebook.com/nyscomptroller](https://facebook.com/nyscomptroller)  
Follow us on Twitter @nyscomptroller